



## Geni de Tou lè Jou

### Feri ak aliminyòm

#### Kisa ke ou bezwen:

- Papye Aliminyòm
- Règ
- Sizo
- Peni (Oubyen okenn lòt bagay ki gen yon gwosèl, fò ak pwa ki inifòm, e ke ou gen anpil landan'!!)
- Kontenè dlo. (kontenè plastik, lavabo, oubyen basen.)



#### Kisa pou fè:

1. Ak règ a sizo an, koupe papye aliminyòm lan an kare. Yon bon gwosè se 6 pous x 6 pous ouyen 8 pous x 8 pous.
2. Konstwi yon bati ak jis yon kare papye aliminyòm.
3. Teste bato a pou wè si li flote.
4. Predi konbyen peni ke ou panse ke bato kapab kenbe.
5. Yon fwa ke ou fè prediksyon'w, kòmanse ajoute peni yo! Ajoute peni yo youn a la fwa ede'w pou byen konte e kite'w wè kilè ekzakteman ke bato a ap koule.
6. Konbyen peni ke bato a kenbe? Kòman ke li konpare a prediksyon'w lan?
7. Fè chanjman a modèl bato'w lan e eseye ankò!

#### Bagay pou Eseye:

- Eseye sèvi ak diferan gwosè kare pou bati diferan bato. Kòman gwosè kare ke ou kòmanse an konpare ak konbyen peni ke bato a ka kenbe?
- Kreye yon tablo pou kapab make chanjman nan modèl bato an, prediksyon ak konbyen peni ke bato aktyèlman kenbe.
- Yon fwa ke ou bati yon bato avèk jis yon kare papye aliminyòm, eseye bati yon bato ak de kare. Ki chanjman ke ou kapab fè ak modèl lan?
- Bati bato ak diferan fòm. Kijan ke ou bato kare konpare ak yon bato ron oubyen triyang>